



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



24 Jen 2021

Nou Salye Tout Kominote Lekòl Distri Vil Orange nou an,

Pandan'm chita isit la epi m'ap eseye jwenn mo pafè pou fini ane sa a, mwen akable ak anpil panse k'ap pase nan tèt mwen - adjektif ki vin nan tèt mwen se jan sa a: kontan, akonpli, fatige, tris, triyonfan, nèvè, ak fyè. NOU reyalize'l. Nou tout ansanm. Mwen tèlman fyè ke nou te reyini ansanm kòm yon kominote pou'n asire ke elèv nou yo te konsantre. Nou te kapab retounen nan yon modèl ansèyman senk jou an pèsòn. Mwen konnen te gen kèk fèmti akòz COVID-19 men menm ak defi sa yo, nou te travay ansanm pou bay pi bon eksperyans pou timoun ke nou sèvi yo.

Ane sa a, nasyon nou an te fè fas ak vyolans ak ajitasyon nan kèk lekòl. Antanke yon distri lekòl, nou te antre nan yon seri de konvèrsasyon sou pèsepsyon elèv yo sou sekirite, men sa ki pi enpòtan, nou te bay yon espas ki an sekirite pou yo pataje enfòmasyon pou kenbe tout moun nan distri lekòl nou an an sekirite. Mwen pa ka ensiste ase sou enpòtans ki genyen pou kenbe timoun nou yo tèlman sere. Ekip Enfòme sou Chòk Sipèntandan an te fè rechèch sou sit ki ka ede fanmi yo ak anplwaye yo lè y'ap jere evènman twomatik yo.

<https://childmind.org/guide/helping-children-cope-after-a-traumatic-event/>

<https://www.apa.org/topics/gun-violence-crime/shooting-aftermath>

<https://sesamestreetincommunities.org/topics/violence/>

<https://www.kqed.org/mindshift/59143/war-crisis-tragedy-how-to-talk-with-kids-when-the-news-is-scary>

<https://www.commonsensemedia.org/articles/kids-mental-health-apps-and-websites-for-anxiety-depression-coping-skills-and-professional-support>

<https://www.nasponline.org/resources-and-publications/resources-and-podcasts/school-safety-and-crisis/school-violence-resources/talking-to-children-about-violence-tips-for-parents-and-teachers>

Fakilte a, anplwaye yo, ak administratè yo- "Ou te vini, ou te wè, ou te konkeri." Ou te fè konfyans, ou te pran risk, epi ou te pèsevere. Ou te kontinye kenpe djanm ak montre enfliyans pozitif pou elèv ak fanmi nou yo menm lè ou pa't sèten. Ou te kontinye motive ak fè pwogrè akademikman malgre kesyon mete mask, plak pwotèj, distans sosyal, toujou lave men, ak anviwònanman salklas ki te chanje. Sa ki pi enpòtan, ou te kontinye pouse nan epi rete san ekivok pandan tout tan an silans jere pwòp lit pèsonèl ou ak istwa ou yo.

Fanmi - "Pou kont nou nou ka fè ti kras, ansanm nou ka fè anpil." Pa janm gen yon deklarasyon ki pi vre ke sa. Sipò konstan ou, kontribisyon ou, ak konfyans ou te pèmèt nou bay pitit nou yo yon ane lekòl estrawòdinè. Mèsi pou diferans pozitif ou fè nan lavi elèv nou yo. Anplis de sa, nou pa ka di w ase mèsi paske w te prezan nan Òganizasyon Paran Pwofesè yo ansanm ak Konvèrsasyon pou Reyòganize Orange Preparatory Academy an. Nou te ouvri pòt nou pou pèfòmans ak sware akademik. Mèsi paske ou te prezan.

Elèv yo - "Ou gen plis kouraj pase ou kwè, ou pi fò pase ou sanble, epi ou pi entelijan pase ou panse." Ou te travay san pran souf ak anpil fòs. Ou te pwouve ke yon elèv lekòl distri Orange lan KAPAB rezistan, KAPAB adaptatif, ak KAPAB pozitif. Mwen kontinye sezi wè fòs ou ak pozitivite ou. Mwen tèlman fyè de jan ou te montre nou ke chak jou, menm jou ki pi difisil yo, se yon gwo jou pou w tounen yon tònad nan Orange!

Pou retrete nou yo, nan non Konsèy DEpatman Edikasyon an ak administrasyon an mwen t'ap manke anpil, mwen t'ap pase soukote, si mwen pa ta remèsyé nou pou plizyè ane sèvis ou nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan. Devouman ou ak lanmou ou te bay elèv yo ansanm ak youn lòt se bèl bagay. Kominote, vin jwenn avèk mwen pou'n felisite retrete nou yo!

Mizajou Sou Mete Mask Obligatwa a: Apati de Madi 5 Jiyè 2022, mete mask obligatwa a pral tounen opsyonèl pou lekòl distri nou an ak biling administratif yo. Si gen yon chanjman nan ka yo nan distri lekòl la, mwen pral rezève opsyon pou retounen nan mask obligatwa pou yon peryòd ki pa espesifye.

Ane Lekòl 2022-2023 a

Pandan ke n'ap fèmen pòt pou ane lekòl 2021-2022 a epi n'ap ouvri pòt pou ete a, n'ap travay avèk dilijans pou ane eskolè 2022-2023 a. Ane pwochèn, chak nivo lekòl pral fonksyone swivan orè ki anba a.

Nivo Lekòl la	Lè Pou Elèv yo Rive	Lè Pou Pwofesè yo Rive	Lè Ranzwa Pou Elèv yo	Lè Pou Ranzwa Pwofesè yo
Nivo Elemanterè (Enkli Preskolè)	8:30 AM	8:20 AM	3:00 PM	3:10 PM
Orange High School	8:20 AM	8:05 AM	2:40 PM	2:55 PM
Orange Preparatory Academy of Inquiry and Innovation	8:25 AM	8:15 AM	2:50 PM	3:05 PM
STEM Innovation Academy of the Oranges	8:20 AM	8:15 AM	Lè Lendi 2:20 PM Fòmasyon Pwofesyonèl pou Pwofesè yo Tues – Fri 3:30 PM	4PM* *Konpansasyon Enkli
Twilight Program (Pwogram Lekòl Aswè a)	3:30 PM* *3:00 PM - Repa	3:00 PM	7:30 PM	7:30 PM

Tanpri sonje ke lè yo repati daprè ane lekòl anvan an. Mèsi pou sijesyon ou ki fè sans.

Objektif Distri y oak Rapèl Plan Estratejik yo

Objektif distri yo ak plan estratejik yo se fòs gid nan devlopman Lekòl Piblik Distri Orange lan. Nou ankouraje w pou revize chak plan epi poze kesyon ki gen rapò ak tout devlopman timoun nan ansanm ak patenarya distri a avèk fanmi yo.

Lyen sa a se pou objektif yo: <https://www.orange.k12.nj.us/Page/30018>.

Lyen sa a se pou Plan Estratejik la: <https://www.orange.k12.nj.us/domain/3344>.

Mwen santi'm flate epi onore pou'm sèvi bèl kominote sa a kòm Sipètentandan ou. Mwen tèlman fyè pou'm dirije gwo distri sa a. Sitwayen kiominote nou yo chita sou tab avèk nou. Soti nan konsèy elèv ak paran nou yo pou rive nan reyinyon PTO/PTA (Reyinyon Paran) nou yo, koute felisitasyon ou yo ansanm ak kesyon pou amelyorasyon yo byen resevwa ak apresye. Konfyans ou kontinye nan travay la se entérésan.

Anfen, mwen swete ou menm ak fanmi ou yon ete ki an sekirite, amizan ak an sante. Tanpri sonje tcheke sit entènèt nou an nan www.orange.k12.nj.us, anba dènye nouvèl ak enfòmasyon yo, Orange App, ak rezo sosyal nou yo (Facebook, Twitter, ak Instagram), paske yo pral kontinye mete yo ajou pandan mwa ete yo.

Nan Patenarya akvèk ou,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipètentandan Lekòl yo